



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PORT AUTHORITY PRAN PWOCHEN ETAP  
ENPÒTAN POU AIRTRAIN LAGUARDIA A**

***Port Authority Pibliye Demann Pwopozisyon Planifikasyon ak Enjeniri AirTrain  
LaGuardia a; Antrepriz Espesyalize yo Chwazi a pral Mennen Pwosesis Enjeniri  
Preliminè pou Pwojè AirTrain lan***

***Analiz Enjeniri yo pral Kouvri Estasyon AirTrain lan yo nan LaGuardia ak nan  
Willets Point ansanm ak ki Tren ki gen “Dwa Pasaj”***

***Port Authority ak MTA pral Kowòpere ansanm pou yo Konstwi yon Nouvo  
Konplèks Estasyon nan Willets Point ki gen Transfè Fasil ant tren LIRR la, 7 Liy  
Subway yo, ak AirTrain lan***

***Etid la Pral Evalye Agrandisman Pakin ak Lokasyon Machin Santralize nan Nouvo  
Sant Willets Point lan***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Port Authority te pibliye yon Demann Pwopozisyon pou travay enjeniri ak planifikasyon preliminè pou nouvo koneksyon AirTrain anvè Ayewopò LaGuardia a. Travay antrepriz espesyalize a pral reprezante yon pwochen etap enpòtan nan avansman pwojè AirTrain Ayewopò LaGuardia a. Demann Pwopozisyon yo (Request for Proposals, RFP) ouvè pou tout antrepriz ki kalifye yo epi yo atann repons nan yon dèlè kat semèn. Avan 2030, yo atann pou kantite pasaje nan LaGuardia ogmante rive plis pase 6 milyon pasaje chak ane epi AirTrain se yon pilye enpòtan nan estrateji ayewopò a genyen pou l akomode kwasans sa a.

**Gouvènè Cuomo te di**, “Anpil milyon pasaje ki vwayaje atravè LaGuardia chak ane yo merite yon opsyon transpò komen ki pratik ak fyab ki konekte sant transpò kle yo ak kè Manhattan. Nou ap transfòme LaGuardia pou l vin tounen yon pòtay transpò ki gen kalib mondyal, epi se yon pyès enpòtan nan devinèt k ap asire aksè ant transpò komen tren yo ak ayewopò a. Avèk mezi sa a, nou ap pran yon lòt gwo pa pou rann sa a vin yon reyelite.”

Ekip konsiltan yo seleksyone sa a pral mete an aplikasyon travay enjeniri preliminè ki gen rapò ak twa eleman diferan pwojè a yo:

- Konstriksyon jiska de nouvo estasyon AirTrain nan nouvo bilding tèminal nan ayewopò a yo;
- Konstriksyon yon estasyon AirTrain nan Willets Point;
- Konstriksyon “dwa pasaj” pou tren k ap soti nan ayewopò a pou ale nan Willets Point yo.

Estasyon Willets Point lan pral fè pati yon konplèks twa estasyon nan Willets Point ki konplètman nouvo. MTA te deja kòmanse travay enjeniri preliminè pou konstwi alafwa yon estasyon tren LIRR ki konplètman nouvo ak yon estasyon pou 7 liy Subway yo ki konplètman nouvo nan Willets Point. Nouvo estasyon AirTrain nan Willets Point lan pral entegre ak konstriksyon de nouvo estasyon MTA pou yo vin tounen yon konplèks ki pral kreye yon transfè san pwoblèm pou pasaje ki gen bagaj yo ant nouvo estasyon tren LIRR, nouvo estasyon 7 liy Subway yo, ak nouvo estasyon AirTrain LaGuardia a.

Antrepriz la pral fè yon analiz an detay sou kantite pasaje k ap monte tren yo epi l ap kòmanse analize patenarya piblik-prive yo ak lòt opsyon finansman pou idantifye plan finansman ki gen plis avantaj pou AirTrain lan. Pwosesis sa a pral detèmine tou ki meyè fason pou konsolide dis konpayi lokasyon machin yo nan Willets Point ansanm ak ki meyè fason pou ajoute opsyon pakin adisyonèl sou lèlye pou pasaje ayewopò yo.

Nouvo AirTrain ayeryen an, k ap founi yon trajè sis minit soti LaGuardia ale Willets Point, pral yon eleman fondamantal nan modènizasyon ak transfòmasyon LaGuardia pou l vin tounen yon ayewopò ki gen kalib mondyal. Valè tan trajè otoutal ant Midtown Manhattan ak LaGuardia pral mwens pase 30 minit nan nouvo AirTrain lan – ki se yon trajè 15 minit nan tren LIRR la ant midtown Manhattan ak Willets Point epi yon trajè sis minit nan AirTrain lan pou rive nan ayewopò a.

AirTrain LaGuardia a pral transfòme aksè pou anpil milyon pasaje tou k ap soti Long Island ki pral kabab itilize yon koneksyon tren Long Island Railroad nan Willets Point san pwoblèm. AirTrain lan pral gen enpak rejyonal sou chofè yo tou ki pral kapab itilize nouvo estasyon pakin lan yo epi pwofite yon aktivite lokasyon machin san pwoblèm nan Willets Point.

**Patrick Foye, ki se Direktè Egzekitif Port Authority New York ak New Jersey a, te di,** “LaGuardia se yon anomali ansyen ki pa alamòd epi se sèl gran ayewopò nan zòn Kòt Lès la (East Coast) - soti Boston nan Nò rive Miami nan Sid - ki pa gen aksè tren. AirTrain LaGuardia pral estimile aktivite ekonomik pandan l ap redwi blokis sou otowout yo - k ap benefisye rejyon an, eta a ak Queens.”

Gran Ayewopò Zòn Kòt Lès yo (East Coast Airports) ki gen aksè tren yo gen ladan:

- Ayewopò Entènasyonal Boston Logan lan (Boston Logan International Airport)
- Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (John F. Kennedy International Airport)
- Ayewopò Entènasyonal Newark Liberty (Newark Liberty International Airport)
- Ayewopò Entènasyonal Philadelphia (Philadelphia International Airport)
- Ayewopò Entènasyonal Baltimore-Washington (Baltimore-Washington International Airport)

- Ayewopò Nasyonan Reagan nan Washington D.C. (Washington D. C. Reagan National Airport)
- Ayewopò Entènasyonèl Dulles (Dulles International Airport (konstriksyon ankou)
- Ayewopò Entènasyonan Hartsfield-Jackson nan Atlanta (Hartsfield-Jackson Atlanta International Airport)
- Ayewopò Entènasyonan Miami (Miami International Airport)

Aktyèlman, 86 pousan pasaje LaGuardia yo, ansanm ak plis pase 60 pousan nan 12,000 anplwaye ayewopò yo al travay nan ayewopò a nan machin. Volim veyikil k ap vwayaje nan LaGuardia kreye anpil blokis sou otowout Queens lan yo ki mennen anvè ayewopò. Pasaje yo fè fas ak tan trajè ensèten lè yo soti Mahattan ki varye soti ant 35 minit jiska inèdtan oswa menm konsiderabman pi plis ankò. Varyasyon nan valè tan sa a lakoz anpil pèt nan pwodiktivite pou vwayajè biznis yo epi sa fè touris yo pase sejou ki pi kout. AirTrain LaGuardia pral founi yon trajè 30 minit garanti pou ale nan ayewopò a soti nan de sant tren Midtown Manhattan lan yo, estasyon Grand Central ak Penn Station lan yo, k ap kreye yon opsyon vwayaj pou pasaje yo ki konsiderabman plis amelyore. Rediksyon kantite veyikil k ap kondi ale nan ayewopò a yo pral pote anpil benefis anviwonmantal konsiderab tou - sa ap bese emisyon yo epi ap gen mwens polisyon nan lè a.

**Reprezantan Demokrat Joe Crowley (D-Queens, the Bronx), te di,** “Avèk transfòmasyon Ayewopò LaGuardia ki deja ankou a, konprann kijan pou n rann vwayaj ale soti nan ayewopò a pi fasil pou Nouyòkè se yon eleman fondamantal nan efò pou amelyore eksperyans global vwayaj la. Lè nou rann ayewopò a aksesib a tren, sa pral fè vanse efò pou akonpli objektif sa a anpil epi anons sa a pral make yon etap enpòtan pou n rann AirTrain vin yon reyalyte.”

Nou atann pou kantite pasaje LaGuardia yo ogmante konsiderabman an jeneral pandan kapasite ayewopò a ak popilasyon zòn nou an ap agrandi anmenm tan.

LaGuardia gen anpil pasaje endividyèl ak ti gwoup ki p ap vwayaje ak anpil bagaj ki gen anmwayèn 1,7 moun nan chak gwoup, ki ka plis gen tansdans pou tilize yon transpò komen pou gen aksè a ayewopò a.

Sistèm AirTrain JFK a demontre yon demann elve pou aksè a tren transpò komen anvè ayewopò New York nou yo, pandan l ap sèvi aktyèlman plis pase 21 milyon pasaje chak ane, ki preske twa fwa plis pase kantite pasaje depi premye ane fonksyonman l gen 12 ane pase.

Konsiltan yo seleksyone yo pral travay ak opinyon adisyonèl nan men konseye finansyè ak legal yo. Yo atann rezilta etid la yo nan lespas yon ane apati dat yo te akòde kontra a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418